

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina panalungtikan kudu jelas pamarekan jeung métode nu digunakeun pikeun matotoskeun pasualan anu ditalungtik. Métode salaku stratégi pikeun maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan rauntuyan pasualan sabab-akibat, sarta miboga fungsi pikeun ngaheureutan pasualan sangkan leuwih babari dicangking (Ratna, 2013 kc.34).

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif leuwih nyinekel kana ma'na nu ditalungtikna sarta lain mangrupa angka, tapi leuwih kana wangun déskriptif data nu ditalungtik mangrupa kecap atawa gambar (Bodgan & Biklen dina Semi, 2012 kc.30-32). Numutkeun Moleong (dina Arikunto, 2010 kc.22) ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana. Jadi panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana wangun déskriptif, sabab data atawa sumber datana dina wangun kecap-kecap. Anapon métode nu digunakeun pikeun analisis kapribadian para palaku dina novel "*Lain Éta*" karya Moh. Ambri, nyaéta motéde deskriptif analisis.

Métode déskriptif analisis nyaéta métode nu ngadéskripsikeun fakta-fakta sarta miboga tujuan pikeun nyangkem unsur-unsurna nu tuluy dianalisis (Ratna, 2013 kc.53).

3.1 *Desain* Panalungtikan

Desain panalungtikan digunakeun pikeun mantuan gawé panalungtik sangkan dina ngalaksanakeun panalungtikana sistematis, puguh léngkah-léngkahna. Dumasar kana métode deskriptif analisis, *desain* panalungtikan anu dilaksanakeun miboga sababaraha léngkah, anapon digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber data

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta analisis struktur carita, analisis kapribadian palaku nu ngagunakeun psikoanalisis Sigmund Freud, jeung kritik kapribadian palaku tina sudut pandang psikologi. Struktur carita novel nu ngawengku tema, fakta carita (galur, palaku jeung penokohan, jeung latar), sedengkeun sarana carita ngawengku (judul, puseur panitén, jeung gaya basa). Salian ti struktur carita, ogé aspék kapribadian anu diwangun ku tilu struktur kapribadian nyaéta *id*, *ego*, jeung *superego*.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nyaéta subjek data anu ditalungtik. Sacara gurat badag sumber data ngawengku tilu rupa, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumen (*paper*) (Arikunto, 2010 kc.172).

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kertas atawa studi dokumentasi dina wangun novel nu judulna *Lain Éta* karya Moh. Ambri.

3.2.2.1 Identitas Buku

Judul	: <i>Lain Éta</i>
Pangarang	: Moh. Ambri
Pamedal	: Balai Pustaka, Jakarta
Kandelna	: 85 kaca
Taun	: 2011 (cetakan ka 5)



Gambar 3.1

Cover Novel *Lain Éta*

Novel *Lain Éta* eusina nyaritakeun hiji awéwé anu ngaranna Néng Éha. Mojang lenjang turunan ménak, nu masih kénéh kaiket ku aturan indung bapana kudu kawin jeung turunan ménak deui. Néng Éha nurut kana paréntah bapana sok sanajan lalaki pilihan bapana lain lalaki anu dipikaasihna. Rumah tangga Néng Éha teu lila, Néng Éha kakaburan. Salila kakaburan manéhna milampah hal anu teu bener nepi ka geus teu dianggap anak ku bapana.

3.2.2.2 Biografi Singget Pangarang

Moh. Ambri dilahirkeun di Sumedang taun 1892, salasahiji sastrawan réalis Sunda pinunjul. Satamatna ti Sakola Guru (kweekschool), diangkat jadi calon guru HIS di Semarang, dipindahkeun ka Tasikmalaya, Sumedang, Purwakarta, Bandung, tuluy jadi guru sakola Guru Normal (Normalschool) di Purwakarta. Taun 1931 eureun jadi guru tur diangkat jadi redaktur Balai Pustaka nepi ka tilar dunya. Salila jadi redaktur Balai Pustaka, Moh. Ambri nerbitkeun genep judul karangan asli, genep welas judul tarjamahan katut saduran. Di antara

karanganana anu populér nyaéta *Ngawadalkeun Nyawa, Burak Siluman, Munjung, Lain Éta, Numbuk di Sué, Pusaka Ratu Teluh, Pependeman Nabi Sulaiman*, jeung *Si Kabayan Jadi Dukun* (Ambri, 2011, kc. 1).

Karya Moh. Ambri dina wangun novel réa nu ngagambarkeun kahirupan sapopoé di jamanna, kahirupan rakyat leutik anu kateken ku kahirupan anu sarwawerit. Dina hasil tulisanna, katitén Moh. Ambri apal pisan kana kahirupan, harepan, impian, alam pikiran, jeung basa rakyat Sunda di jamanna (Rosidi, 2013. Kc, 47).

3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji cara atawa prosedur anu kudu dilaksanakeun kalawan métode anu tangtu pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan (Suyatna, 2002, kc.18). Dina ieu panalungtikan aya dua tahap téhnik anu dilarapkeun nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ku cara: 1) téhnik talaah pustaka, jeung 2) téhnik studi dokuméntasi. Téhnik talaah pustaka nyaéta dipaké pikeun nalaah sajumlahing tiori nu aya patalina jeung panalungtikan. Sedengkeun téhnik studi dokuméntasi dilaksanakeun ku cara néang informasi tinulis saloba-lobana nu kaasup wanda ilmiah kayaning buku, dokumén, jurnal, essay, jsb.

Anapon léngkah-léngkahna dina téhnik ngumpulkeun data nyaéta:

- 1) maca buku-buku anu aya patalina jeung tiori strukturalisme, psikoanalisis, jeung kritik kaprinadian. Ieu hal dilaksanakeun sangkan babari dina tahap analisis data;
- 2) nangtukeun sumber data, nyaéta novel *Lain Éta* karya Moh. Ambri;
- 3) maca sagemblengna novel *Lain Éta* karya Moh. Ambri.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téknik nu dipaké pikeun ngolah data panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis, saluyu jeung pamadegan nu diébréhkeun ku Arikunto (2013, kc.281) yén téhnik ngolah data nyaéta hasil analisis anu dicangking ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan anu lumaku, luyu jeung pamarekan

atawa *desain* panalungtikan anu digunakeun. Anapon anu dianalisisna nyaéta analisis struktur carita dina novel *Lain Éta*, analisis aspék kapribadian, jeung kritik kapribadian palaku tina sudut pandang psikologi.

Léngkah-léngkah dina analisis data baris dipedar di handap.

1) **Téhnik Analisis Struktur Carita Novel *Lain Éta***

Tahap awal nu dilaksanakeun pikeun nganalisis data nyaéta analisis struktur carita dina novel *Lain Éta* karya Moh. Ambri. Struktur novel baris dianalisis ngagunakeun tiori strukturalisme Robert Stanton, anu ngawengku:

- a) téma novel *Lain Éta*;
- b) fakta carita novel *Lain Éta* (galur, palaku jeung watek atawa penokohan, jeung latar); jeung
- c) sarana sastra novel *Lain Éta* (judul, puseur implengan atawa *point of view*, jeung gaya basa).

2) **Téhnik Analisis Aspék Kapribadian Palaku Novel *Lain Éta***

Dina analisis aspék kapribadian palaku dina novel *Lain Éta* ngagunakeun tiori psikoanalisis Sigmund Freud. Sacara gurat badagna kapribadian diwangun ku tilu aspék struktur kapribadian, nyaéta:

- a) *id*;
- b) *ego*; jeung
- c) *superego*.

3) **Téhnik Analisis Kritik Kapribadian Palaku tina Sudut Pandang Psikologi**

Sabada dianalisis sarta kapanggih kapribadian para palakuna, tuluy dianalisis kritik kana kapribadian palaku dumasar kana sudut pandang Psikologi, anu ngalibetkeun tilu aspék struktur kapribadian nyaéta *id*, *ego*, jeung *superego*.

Data anu geus kakumpul tina hasil analisis data, tuluy diolah dumasar kana léngkah-léngkah di handap.

- (1) Niténan data nu geus kakumpul.
- (2) Nganalisis data ku cara nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktur carita jeung tilu aspék kapribadian anu aya dina novel *Lain Éta*.
- (3) Nyalin kana kartu analisis struktural jeung psikoanalisis aspék kapribadian sangkan babari diolah.

- (4) Kritik kapribadian palaku tina sudut pandang psikologi.
- (5) Nyindekkeun hasil analisis jeung ngolah data.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumen mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Luyu jeung nu diébréhkeun ku Arikunto (2013, kc. 203) yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang sarta hasilna leuwih hadé, dina harti lengkep jeung sistematis sahingga leuwih gampang diolah. Instrumen nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tabél talaah dokuméntasi jeung kartu analisis. Kartu analisis nu digunakeun mangrupa sempalan-sempalan carita nu nuduhkeun struktur carita jeung aspek kapribadian palaku dina novel "*Lain Éta*."

3.4.1 Instrumen Ngumpulkeun Data

Instrumen dina ieu panalungtikan nyaéta buku-buku anu aya patalina jeung panalungtikan.

Tabel 3.1

Instrumen Céklis Dokuméntasi Pustaka

No	Téma Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
1.	Kabudayaan			
2.	Sastra			
3.	Kabasaan			

Tabél 3.2

Instrumén Tabél Struktur Carita jeung Aspek Kapribadian Palaku dina novel *Lain Éta*

No.	Struktur Carita	Cutatan
1.	Téma	
2.	Fakta Carita:	
	a) Galur	
	b) Palaku jeung Watak (Penokohan)	
	c) Latar:	
	1. Latar tempat	

	2. Latar waktu	
	3. Latar sosial	
3.	Sarana Carita:	
	a) Judul	
	b) Puseur Implengan	
	c) Gaya Basa	
4.	Kapribadian Palaku:	
	a) <i>Id</i>	
	b) <i>Ego</i>	
	c) <i>Superego</i>	
5.	Kritik Kapribadian	

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Analisis Struktur Carita

a) Téma

<p>Kartu Analisis Téma</p> <p>Cutatan:</p> <p style="text-align: center;">(Kaca)</p> <p>Analisis:</p>

b) Fakta Carita

<p>Kartu Analisis Fakta Carita</p> <p>(Galur, palaku jeung watak, latar)</p> <p>Cutatan:</p> <p style="text-align: center;">(Kaca)</p> <p>Analisis:</p>

c) **Sarana Sastra**

<p>Kartu Analisis Sarana Sastra (Judul, puseur implengan, gaya basa)</p> <p>Cutatan:</p> <p style="text-align: center;">(Kaca)</p> <p>Analisis:</p>

2) **Kartu Analisis Kapribadian Palaku**

a. *Id*

<p>Kartu Analisis <i>Id</i></p> <p>Cutatan:</p> <p style="text-align: center;">(Kaca)</p> <p>Analisis:</p>
--

b. *Ego*

<p>Kartu Analisis <i>Ego</i></p> <p>Cutatan:</p> <p style="text-align: center;">(Kaca)</p> <p>Analisis:</p>

c. *Superego*

<p>Kartu Analisis <i>Superego</i></p> <p>Cutatan:</p> <p style="text-align: center;">(Kaca)</p> <p>Analisis:</p>
--

3) **Kartu Analisis Kritik Kapribadian Palaku tina Sudut Pandang Psikologi**

Kartu Analisis Kritik kapribadian Palaku
Analisis Kritik *Id*:

Kartu Analisis Kritik kapribadian Palaku
Analisis Kritik *Ego*:

Kartu Analisis Kritik kapribadian Palaku
Analisis Kritik *Superego*: